


GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION FROM JOHANI



Why did Jesus die?

1. Bhaibheri rinotiudza kuti tose tirivatadzi uye tinotoda ruregerero kubva kuna Mwari.

JOHANI 3:19 Kutongwa ndokuku: Chiedza chakasvika munyika, asi vanhu vakada rima panzvimbo yechiedza nokuti mabasa avo akanga akaipa.



We are all sinners!

2. Zvitadzo zvedu zvakatipa rufu rusingaperi.

JOHANI 6:40 Nokuti kuda kwaBaba vangu ndiko kuti ani naani anotarira kuMwanakomana anokutenda maari achava noupenyu husingaperi, uye ndichamumutsa pazuva rokupedzisira.”

JOHANI 3:18 Ani naani anotenda kwaari haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari.

JOHANI 3:36b Ani naani anotenda muMwanakomana ano upenyu husingaperi, asi ani naani anoramba Mwanakomana haangaoni upenyu, nokuti kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake.”



There is a cost for sin!

3. Jesu akafira pamuchinjikwa, achitora mutongo wedu uyo waive rufu.

JOHANI 14:6 Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri.

JOHANI 3:17 Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye.

JOHANI 1:10,12 Akanga ari munyika, uye kunyange nyika yakaitwa kubudikidza naye, nyika haina kumuziva. Asi kuna vose vakamugamuchira, kuna avo vakatenda muzita rake, akavapa simba rokuti vave vana vaMwari,

4. Ruvimbo rwako munashe richakubatsira kuti uregererwe nokuti ane nyasha netsitsi.

Acts 4:12 Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro.”

Ephesians 2:8-9 Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.

Titus 3:5 Sakatiponesa, kwete nokuda kwezvinhu zvakarurama zvatakaita, asi nokuda kwetsitsi dzake. Akatiponesa kubudikidza nokuberekwa patsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene,

5. AJesu kristu uchivimba naye unoregererwa zvitadzo zvako zvese.

JOHANI 5:24 “Ndinokuudzai chokwadi kuti, ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi, abva murufu uye aenda kuupenyu.

JOHANI 6:47 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo anotenda ndiye ano upenyu husingaperi.

JOHANI 10:28 Ndinoapa upenyu husingaperi, uye haatongofi; hakuna munhu angaabvuta muruoko rwangu. *Kana uchida kutambira Jesu semuponisi wako, shandisa munamato wakafanana neunotevera. Usakanganwe kuti kungoisa munamato uyu chete hakukuponisi.kungovimba naShe kunokuraramisa kubva muzvitadzo.munamato uyu ndewekungotenda ishe nekukuraramisa nekumuratidza ruvimbo rwako maari.*

“Mwari,

ndinoziva ndakatadza pamberi penyu uye ndinofanirwa kuwana murango wakakodzera, asi Jesu akatora zvitadzo izvi zvekuti kana ndiine ruvimbo maari neniwo ndicharegererwa. Ndinovimba nemi uye kuti munemasimba nenyasha dzekundiregerera. Ndatenda nenyasha dzenyu neruregerero rwenyu nemubairo hweupenyu husingaperi. Ameni.”

Amazing Grace Publishing *100 Lakeview Court * Joshua TX 76058 * 817-426-1828 * E-Mail JamesAV@aol.com